

Prepare w KOUNYE A: Sezon Siklòn nan Rive

Release Date: Jen 2, 2023

ST. CROIX, Zile Vyèj Ameriken yo – Kòm sezon siklòn yo kòmanse ofisyèlman 1^{ye} Jen, li enpòtan pou rezidan yo prepare tèt yo ak fanmi yo pou posib tanpèt yo. Pandan ke Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè (NOAA) prevwa yon sezon siklòn prèske nòmal ane sa a, ak potansyèl pou 12-17 tanpèt yo nonmen, li pran sèlman yon tanpèt pou deranje lavi moun, fanmi, ak biznis.

FEMA ankouraje rezidan yo pou yo pran prekosyon ki nesesè yo, tankou rasanble pwovizyon pou ijans, sekirize kay yo, epi gen yon plan anplas pouabri si sa nesesè. Li enpòtan tou pou w rete enfòm sou dènye mizajou sou move tan yo ak emisyon pou abrite ki emèt pa Ajans Jesyon Ijans Teritwa Vyèj Islands (VITEMA).

David Warrington, Administratè Rejyon 2 FEMA di, "Preparasyon se kle lè sezon siklòn nan rive. "Nou ankouraje rezidan yo pou yo pran mezi ki nesesè yo kounye a, anvan yon tanpèt frape, pou asire sekirite yo ak sekirite moun pwòch yo."

Twous pwovizyon ijans yo ta dwe gen ladan atik tankou manje ki pa gate, dlo, pil, flach, founiti pou premye swen, ak nenpòt medikaman ki nesesè. Rezidan yo ta dwe sekirize kay yo tou lè yo koupe pyebwa ak branch yo, sekirize atik ki lach tankou mèb deyò ak jwèt, epi ranfòse pòt ak fenèt yo.

Pran etap senp sa yo kounye a pou w pi byen prepare pou sezon siklòn nan Atlantik la atravè aksyon ki pa koute anpil.

- Kreye plan kominikasyon ijans ou. Sèvi ak modèl sa a pou anrejistre kontak enpòtan ak enfòmasyon medikal sou fanmi ou. Ou ta ka pataje modèl la ak lòt moun epi estoke toulède kopi yo alafwa nimerik ak sou papye.
- Sere nimewo telefòn enpòtan yo yon kote jis akote telefòn selilè ou.
- Enskri pou Alert VI ki soti nan VITEMA pou resevwa enfòmasyon ijans an tan reyèl pou jiska senk adrès nan Zile Vyèj Ameriken yo. Gen yon opsyon chaje



FEMA

Page 1 of 2

ijans pou telefòn ou ak lòt aparèy mobil. Tcheke anviwònman yo sou aparèy mobil ou a pou resevwa alèt ijans san fil.

- Telechaje [Aplikasyon FEMA](#) a (ki disponib nan lang Angle ak Panyòl) pou resevwa alèt metewolojik, konsèy sou sekirite ak rapèl epi pare pou bagay ou pa prevwa.
- Konstwi twous ekipman pou ijans ou pandan letan. Kòmanse ak atik ou ka deja genyen lakay ou, tankou yon flach, pil siplemantè, kopi dokiman enpòtan, dlo ak manje ki pa gate. Lè ou ale nan makèt la, ou ka ranmase yon atik siplemantè chak fwa ke ou itilize regilyèman.
- Sere dokiman ak atik enpòtan tankou paspò, batistè, kat ak elektwonik nan yon kote ki an sekirite pou inondasyon tankou yon etajè ki wo nan sachè plastik ki ki byen fèmen pou ede yo enpèmeyab. Sere dokiman enpòtan tankou kontra asirans nimerik.
- Vizite [Floodsmart.gov](https://www.floodsmart.gov) pou w konnen nivo risk inondasyon nan zòn ou an.
- Telechaje gratis [resous preparasyon](#) .

"Lè yo pran etap senp sa yo, rezidan yo ka ede asire sekirite yo ak sekirite fanmi yo pandan sezon siklòn yo," te di Mark A. Walters, Kowòdonatè Biwo Zòn Karayib Zile Vyèj FEMA a. "FEMA pare pou sipòte teritwa a si yo fè demann lan nan sezon siklòn sa a. Nou mande rezidan Zile Vyèj yo pou yo rete pare, enfòm ak veyatif pandan sezon an ak pandan tout ane a."

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon ijans, vizite [ready.gov](https://www.ready.gov), oswa sit entènèt VITEMA [vitema.vi.gov](https://www.vitema.vi.gov) .



FEMA

Page 2 of 2